दिन–सोमवार दिनांक–23.09.2024

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

प्रदेश मे गंगा आ एकर सहायक नदी मे उफानक कारणे बारह जिलाक करीब तेरह लाखक आबादी बाढ़ि सँ प्रभावित अछि। पटना, वैशाली, मुंगेर, बेगूसराय, खगड़िया, भागलपुर समेत कतेको जिलाक निचला क्षेत्र मे बाढ़िक पानि पसरलाक कारणे लोकसभ ऊँच स्थान पर शरण लेने छथि। पटनाक नजदीक दियारा समेत गंगा कात मे बसल लोक अपन घर–दुआरि छोड़ि कऽ सुरक्षित स्थान पर रहि रहल छथि। प्रशासन दिस सँ सामुदायिक भानसक व्यवस्था कयल गेल अछि। पशु सभ लेल सेहो चाराक व्यवस्था भेल अछि। मुंगेर जिला मे हरिणमार सँ खगड़ियाक गोगरी के जोड़यवला बिचली पूल टूटि गेल। जाहि कारणे सड़क संपर्क भंग भऽ गेल अछि। कटिहार जिला मे गंगा आ कोसी नदी मे भारी उफान सँ कुर्सेला प्रखंडक कतेको गाम मे बाढ़िक पानि आबि गेल अछि आ कतेको ठाम सड़क संपर्क टुटि गेल अछि। प्रशासन नाव सँ लोकसभ के सुरक्षित स्थान पर लऽ जा रहल अछि।

---

बाढ़ि सँ राज्य मे रेल परिचालन पर सेहो असरि पड़ल अछि। गंगा नदी सँ निकलल बाढ़िक पानि मुंगेरक रतनपुर आ भागलपुरक सुल्तानगंज स्टेशनक मध्य पूल संख्या–एक सय पंचानवेक गार्डरक ऊपर सँ बहि रहल अछि। स्थिति के देखैत पूर्व रेलवे भागलपुर–जमालपुर रेलखंड पर आइयो ट्रेनक परिचालन रोकने अछि। आठ जोड़ी ट्रेन के रद्द कयल गेल अछि। जखनकि, बीस रेलगाड़ी के परिवर्तित मार्ग सँ चलाओल जा रहल अछि। एकर अतिरिक्त कतेको रेलगाड़ी के आंशिक प्रारंभ आ आंशिक समापन अलग–अलग स्टेशन पर कयल जा रहल अछि।

---

एहि मध्य केन्द्रीय गृह राज्य मंत्री नित्यानंद राय आइ समस्तीपुर जिलाक बाढ़िग्रस्त क्षेत्र मोहिउद्दीन नगर समेत विभिन्न स्थलक भ्रमण कऽ स्थितिक जनतब लेलनि। ओ कहलनि जे बाढ़ि प्रभावित क्षेत्र मे बाढ़ि पीड़ित लेल प्रशासनिक स्तर पर कतेको व्यवस्था कयल जा रहल अछि।

———————————————————————

एम्हर, बाढ़ि प्रभावित क्षेत्र लेल राहतक संवाद भेटल अछि। केन्द्रीय जलआयोग सँ प्राप्त जनतबक अनुसार गंगा, सोन, पुनपुन समेत विभिन्न नदीक जलस्तर मे पछिला चौबीस घंटा मे कमीक प्रवृति दर्ज कयल गेल अछि। गंगा नदीक जलस्तर बक्सर, पटनाक दीघा घाट, गांधी घाट, हाथीदह आ मुंगेर मे घटल अछि। जखनकि, भागलपुर मे स्थिर बनल अछि।

———————————————————————

सर्वोच्च न्यायालय कहलक अछि जे बच्चा सभ सँ संबंधित अश्लील वीडियो देखब आ ओकरा स्टोर करब दुनू पॉक्सो अधिनियमक उल्लंघन अछि। न्यायमूर्ति जे.बी. पारदीवाला मद्रास उच्च न्यायालयक एक निर्णय के रद्द करैत देश भरिक अदालत सभ सँ कहलक जे ओ कोनो न्यायिक आदेश अथवा निर्णय मे चाईल्ड पोर्नोग्राफीक शब्दक प्रयोग नहि करय।

———————————————————————

बिहार मे शराबबंदी लागू भेलाक बाद कानूनक उल्लंघनक मामिला मे जुर्माना सँ विभाग के नीक आमदनी भेल अछि। मद्य निषेध विभागक मंत्री रत्नेश सदा आ सचिव विनोद सिंह गुंजियाल आइ पटना मे जनौलनि जे वर्ष दू हजार सोलह सँ एखन धरि शराब सँ जुड़ल मामिला मे एक लाख चौबीस हजार सँ बेसी वाहनक जब्ती भेल। जखनकि करीब बहत्तरि हजार वाहनक नीलामी सँ सरकार के तीन सय सताईस करोड़ टाकाक आमदनी भेल अछि।

———————————————————————

जनता दल यूनाईटेड वरिष्ठ नेता श्याम रजक के पार्टीक राष्ट्रीय महासचिव नियुक्त कयलक अछि। श्याम रजक हालहिं मे राजद छोड़ि कऽ जदयू मे सम्मिलित भेल छथि।

———————————————————————

राष्ट्र कवि रामधारी सिंह दिनकरक एक सय सोलहम जयंतीक अवसर पर राष्ट्र आइ हुनका श्रद्धांजलि दऽ रहल अछि। एहि अवसर पर प्रदेश भरि मे राष्ट्रकविक स्मृति मे कतेको कार्यक्रम आयोजित कयल गेल। राज्यपाल राजेन्द्र विश्वनाथ आर्लेकर बेगूसराय स्थित राष्ट्रकविक पैतृक गाम दिनकर ग्राम स्थित उच्च विद्यालय मे आयोजित कार्यक्रमक उद्घाटन करैत कहलनि जे रामधारी सिंह दिनकर मात्र राष्ट्रकवि नहि अपितु विश्व कवि छलाह। कार्यक्रम मे केन्द्रीय मंत्री गिरिराज सिंह आ सहकारिता मंत्री प्रेम कुमार समेत आनो गणमान्य लोक उपस्थित छलाह।

———————————————————————

मिथिलांचलक महिला लोकनि पुत्रक आयु लेल आइ नहाए–खाए सँ तीन दिनक जीतिया अनुष्ठान शुरू कयलनि। आइ व्रती लोकनि स्नान कयलाक बाद अपन पितर–पितराईन के तेल खरी अर्पित कऽ माछ, मडुआक रोटी, नोनीक साग आ आनो भोजन ग्रहण कयलनि। मिथिला पंचांगक अनुसार आइ नहाए–खाए के बाद व्रती लोकनि सवेर मे सूर्योदय सँ पूर्व ओठगन कयलाक बाद काल्हि भरि दिन आ परसू सांझ पांच बाजि कऽ पांच मिनट धरि नीराहार व्रत कयलाक बाद पारन करतीह। जखनकि, वाराणसी पंचांगक अनुसार महिला लोकनि काल्हि नहाए–खाए करतीह आ परसू दिन–राति व्रत रखतीह।

———————————————————————

एशिया रग्बी अंडर–एटीन प्रतियोगिता मे पहिल बेर बिहार सँ आठ खेलाड़ीक चयन भेल अछि। ई प्रतियोगिता मलेशियाक जोहर मे अठाईस आ उनतीस सितंबर के होयत।

———————————————————————

समाप्त